



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 15/7/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPOZISYON MACHIN KLASIK SYRACUSE NATIONALS LA AP RETOUPEN NAN ESPAS FWAR ETA NEW YORK LA

Espas Fwar Eta Ap Entwodui Nouvo Antre Pwensipal La Ak Lòt Reparasyon Majè Travay Transfòmasyon ki Koute 50 Milyon Dola Te Reyalize

Biwo Imatrikilasyon an (Department of Motor Vehicles) Pibliye Afich Komemoratif Plak Machin Eta New York Nan Ane Ki Sot Pase Yo – [Gade La](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse jodi a ke Ekspozisyon Machin Klasik Syracuse Nationals la ap retounen nan espas fwar Eta New York la nan fen semèn sa a, soti 15 jiyè rive 17 jiyè. Avèk dè milye machin klasik, machann ak moun ki renmen jan de machin sa yo ki ap la nan ekspozisyon sa a, Syracuse Nationals se youn nan pi gwo ekspozisyon otomobil klasik nan peyi a. Ane pase, twa jou evènman sa te pote plis pase 90,000 vizitè epi 13 milyon dola nan depans vizitè pou ekonomi santral New York nan santral New York.

"Fwar Eta New York la ap fè kè Nouyòkè yo kontan depi plis pase yon syèk, epi transfòmasyon ki koute 50 milyon dola ki sot fèt la pral asire espas Fwar yo kontinye ap atire atraksyon ak vizitè pou anpil ane ankò," **Gouvènè Cuomo te di.** "Ekspozisyon Machin Klasik Syracuse Nationals la pral ekspoze bèl amelyorasyon nan fwar la, epi sa pral atire vin nan rejyon an, dè milye de moun ki renmen machin klasik anpil, tankou mwen men. Mwen ankouraje tout vizitè yo pou yo rete pase plis tan pou yo ka viv tout sa santral New York gen pou l ofri."

Yo pral akeyi Fwar Nationals la avèk ouvèti reparasyon majè plan transfòmasyon Gouvènè Cuomo ki koute 50 milyon dola pou Espas Fwar Gran Eta New York yo. Amelyorasyon yo gen ladan yo yon nouvo Antre Prensipal, nouvo agrandisman nan zòn mitan ak nouvo kote ki dezinye pou pake 315 karavan (Empire RV Park) ki gen aksè a dlo soutèren, sèvis egou ak sèvis elèktrik.

Delege Depatman Agrikilti Eta, Richard Aiyalam Ball di,"nou kontan anpil pou nou òganize Ekspozisyon Machin Syracuse Nationals la ankò ane sa a, youn nan pi gwo evènman nan santral New York, vrèman: se evènman ki pi makan sezon ete a. Pandan dè dizèn de milye de moun ki renmen machin anpil ap rantre nan fwar la nan fen semèn sa a, nou ap pwofite pou nou ekspoze tout lòt bèl amelyorasyon ki ap fèt yo. Envèstisman san presedan sa ap ede transfòme 365 ekta tè sa a pou l vin tounen yon espas premye klas, epi chanjman sa yo ap fè tout vizitè gen pi bon eksperyans, pa sèlman moun ki konn ale nan fwar yo."

Direktè Enterim Fwar la, Troy Waffner te di,"nou ap kontan anpil pou nou akeyi Syracuse Nationals lè l tounen nan espas fwar la ankò epi tou montre pou premye fwa tout bèl

amelyorasyon jis atan pou retou ekspozisyon machin klasik sa a ki atire plis pase 90,000 moun. Ak nouvo espas pou pake karavan lan (RV Park), epi agrandisman espas nan mitan an, ap menm gen plis espas toujou pou montre bèl machin klasik sa yo, epi asire ke nou vizitè yo ap gen aksè a tout konfò fantastik yo pa t gen nan ane avan yo."

Delege Egzekitif Adjwen Direksyon Imatrikilasyon an, Terri Egan te di, "DMV santi l fyè pa sèlman pou bay sèvis Kliyantèl nan Syracuse Nationals la, youn nan pi gwo atraksyon nan santral New York, men tou pou bay tout Nouyòkè nouvo opòtinite pou montre yo fyè de eta yo a atravè plak machin pèsonalize yo ansanm ak plak koleksyon, ak plak istorik yo. Nou ap tann avèk anpil enpasyans pou nou kòmanse ak yon lòt gran evènman konsa ankò epi pou n rankontre pèsònèlman ak vizitè yo ki soti toupatoou nan Eta New York, oswa pi lwen toujou pandan fen semèn nan; sa ap vrèman yon eksperyans nou pap janm ka bliye."

Ane dènye a, Gouvènè Cuomo te anonse yon ekstansyon kontra ak sitwayen Syracuse yo pou senk ane, pou asire ke ekspozisyon machin ki gen renomen mondyal sa a rete nan Santral New York nan espas Fwar Eta New York la jiska 2019, pou l ka elve pwofil endistri touris k ap agrandi nan rejyon an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Espas Fwar Eta New York La

375 ekta Espas Fwar Eta New York la aktyèlman nan pwosesis pi gwo transfòmasyon li te sibi depi li te premye louvwi pòt li nan ane 1890. Plan 50 milyon dola Gouvènè Cuomo a ap relanse espas sa a nan plizyè fason, amelyore kalite eksperyans moun ki renmen ale nan fwar la yo, epi pote pi gwo benefis ekonomik pou rejyon an. Amelyorasyon yo genyen ladan yo yon nouvo Antre Prensipal remakab, ark li a raple pòtay ki te akeyi moun ki renmen ale nan fwar la yo nan lane 1900, yon espas mitan 15 ekta ki pi laj (Wade Shows Midway) ki ka kenbe plis montay ris (rides) plis pase avan, epi amelyore eksperyans vizitè yo paske kounye a gen kote pou w chaje telefòn ak espas pou repoze, epi nouvo kote ki dezinye pou pake 315 karavan (Empire RV Park) ki gen aksè a dlo soutèren, sèvis egou ak sèvis elèktrik. Li genyen tou nouvo espas fleksib nan pak la ak plizyè amelyorasyon sou sekirite estasyonman machin ak sekirite pyeton yo. Amelyorasyon sa yo ap mete Espas Fwar Eta New York la yo nan meyè pozisyon kòm yon espas de premye ran ki ouvri tout ane a, epi ki gen anpil itilizasyon, ki ap atire plis pwogram ak vizitè k ap soti toupatoou nan peyi a. Plis enfòmasyon sou revitalizasyon an disponib [isit la](#) epi ou ka wè [tradiksyon] [isit la](#).

Ekspozisyon Machin Klasik Syracuse Nationals La

Pandan 17^{èm} evènman anyèl Syracuse Nationals la, plis pase 8,000 bèl machin ak machin inik ki soti Ozetazini ak Kanada konvèje sou bèl espas Fwar Eta New York la pandan twa jou, ki fè li se pi gwo evènman ki ap fèt sou lèye apa de Bèl Gwo Fwar Eta New York la. Swap-meet, gwoup machin, mond fanm, konpetisyon mini-nasyonal yo, mizik, 400 machann, seminè sou teknoloji, koridò gazolin, ak "old skool roundup" se jis kèk bagay ou ka wè oswa fè lè w vini nan ekspozisyon an. Syracuse Nationals menm atire selebrite ki soti toupatoou nan mond otomobil la, ki fè evènman ofri plis plezi pou tout fanmi an. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

Rob O'Connor ki soti nan Right Coast, Inc., ki se Mèt ak Pwomotè Syracuse Nationals la, te di, "nou kontan anpil pou nou tounen sou espas Fwar la ankò pou 17^{èm} ekspozisyon anyèl machin klasik nou an. Fwar la te yon gwo patnè pandan plizyè ane epi chanjman ki

fèt nan espas Fwar la yo enkwayab. Yo p ap sèlman amelyore eksperyans vizitè yo, men tou sa ap bay nou yon opòtinite fòmèdab pou nou plis devlope evènman Syracuse Nationals la alavni."

Patisipasyon Direksyon Imatrikilasyon

Direksyon Imatrikilasyon Eta New York la ap retounen sou lèlye pou ofri tranzaksyon sèvis alaklyantèl ak ankouraje achte plak koleksyon ak istorik yo. Direksyon Imatrikilasyon ap gen ekspozisyon pa yo a nan bilding Center of Progress (Sant Pwogrè), yo ap ofri tou tès vizyon ak opòtinite pou pwograme randevou pou ale nan yon sikisal ki pi pre w, enskri nan pwogram donasyon ògan nan epi renouvle papyè plak oswa lisans. Moun ki renmen machin anpil yo ka menm fè kòmand yon plak pèsonalize nan kyòsk la. Anpil nan sèvis sa yo fè pati inisyativ Direksyon Imatrikilasyon an pou ofri sèvis alaklyantèl (Department of Motor Vehicles Customer Service Initiative), yon ajans ke Gouvènè Cuomo te bay lòd fòme en 2012 pou ka rann biwo DMV yo bay sèvis pi efikas.

Pou lapremye fwa, DMV ap tou bay chak envite ki genyen yon plak koleksyon Eta New York atravè ane a yo, yon nouvo afich (si genyen ankò). [Afich la mezire 11 pous pa 17](#), epi se yon reprezantasyon vizyèl evolisyon plak Eta New York yo ki mete an vedèt premye plak yo te bay pwopriyete yo nan ane 1901 jiska plak wouj, blan ak ble "Liberty" ane 1986 yo ak apre. An plis de sa, yo ap ekspoze yon kantite limite plak egzibisyon Syracuse Nationals k ap disponib pou vizitè yo nan Direksyon Imatrikilasyon an.

Moun ki renmen machin klasik anpil yo, ap gen opòtinite pou aprann plis sou kijan pou yo mete plak koleksyon ak istorik yo sou machin yo. Plak koleksyon yo se plak orijinal ke Eta New York te bay nan menm ane yo te fabrike machin lan. Tout machin yo fabrike anvan ane 1991, epi yo itilize l sèlman tankou yon pyès koleksyon oswa yon pyès egzibisyon, men yo pap itilize l pou transpò chak jou, yo ka anrejistre yo avèk plak koleksyon an yo. Plak istorik yo nouvo epi Direksyon Imatrikilasyon an pibliye pou itilize yo pou machin ki te fabrike gen plis pase 25 an pase, avan ane kalandriye aktyèl la epi yo itilize l sèlman tankou yon pyès koleksyon oswa yon pyès egzibisyon, men yo pap itilize l pou transpò chak jou Plis enfòmasyon sou plak koleksyon ak plak istorik disponib [isit la](#) ak [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvel disponib nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Egzekitif Chanm | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418